

Fòm Enskripsyon Pasyan

Enfòmasyon sou Pasyan					
Non Fanmi		Prenon		Dezyèm Non	
Dat Nesans / / SSN# (Nimewo Sosyal Sekirite)		Peyi Nesans		Telefòn Lakay	
				Telefòn Selilè	
Adrès Postal		# Apatman		Dakò pou kite yon mesaj vokal: ☐ Wi ☐ Non	
Vil		Eta		Dakò pou kite yon mesaj tèks: ☐ Wi ☐ Non	
		Kòd Postal		*Tarif SMS ak done yo kapab aplike	
				Pi bon tan pou jwenn ou: ☐ AM ☐ PM	
				Chwazi pou pa resevwa tout komunikasyon nan pratik la ☐	
Adrès Lakay (Si Diferan de Adrès Postal la)				Adrès Imel	
Vil		Eta		Kòd Postal	
				Lang Prefere	
				Èske yon Entèprèt ap Nesesè? ☐ Wi ☐ Non	
Nou ap mande enfòmasyon swivan yo sou tout pasyan yo nan lide pou konprann bezwen pasyan nou yo pi byen, pou ede pèsònèl nou an itilize langaj ki pi fòmèl lan lè y ap abòde ou, ak pou objektif finansman ki kapab ede redwi pri swen medikal ou.					
Sèks nan Nesans ☐ Fanm ☐ Gason Sèks Prefere: Idantite Jan - Koche tout sa ki aplike ☐ Gason ☐ Fanm ☐ Fanm an Gason/Transjan ☐ Gason an Fanm/Transjan ☐ Sèks biza, ni eksklizivman gason ni fanm ☐ Chwazi pa devwale Oryantasyon Seksyèl - Koche youn ☐ Nòmèl/Etewoseksyèl ☐ Lesbyèn/Masisi/Omoseksyèl ☐ Biseksyèl ☐ Pa konnen ☐ Chwazi pa devwale ☐ Yon lòt bagay, tanpri dekri: Elèv ☐ Tan plen ☐ Tan pasyèl ☐ Pa yon Etidyan/Elèv		Etnisite ☐ Andalou ☐ Ajantin ☐ Astiryan ☐ Abitan Zile Byeloris ☐ Bolivyen ☐ Zòn Kanal ☐ Kanaryen ☐ Kastyan ☐ Katalan ☐ Amerik Santral ☐ Endyen Ameriken Santral ☐ Chikano ☐ Chilyen ☐ Kolonbyen ☐ Kosta Riken ☐ Kreyòl ☐ Kiben ☐ Dominiken ☐ Ekwatòryan ☐ Galego ☐ Gwatemaltèk ☐ Ispanik oubyen Latino ☐ Ondouras ☐ La Raza ☐ Amerik Latin ☐ Meksiken ☐ Ameriken Meksiken ☐ Endyen Ameriken Meksiken ☐ Meksiken ☐ Nikaragweyen ☐ Pa Ispanik oubyen Latino ☐ Panameyen ☐ Paragweyen ☐ Perivyen ☐ Pòto Riko ☐ Salvadoryen ☐ Amerik Di Sid ☐ Endyen Amerik Di Sid ☐ Espanyòl ☐ Bask Espanyòl ☐ Irigweyen ☐ Valans ☐ Venezuelyen ☐ Refize presize		Estatu Lojman ☐ Pwopriyetè – Prive ☐ Lweyaj – Prive ☐ Lweyaj – Lojman Piblik (Seksyon 8, NYCHA) ☐ Lojman pou Moun Ki Aje ☐ Abri Pwovizwa pou Sanzabri ☐ Lari ☐ Transizyonèl ☐ Double Estatu Matrimonyal ☐ Selibatè ☐ Vèv ☐ Separe ☐ Marye ☐ Divòse ☐ Patnè Kòman ou te fè rekonèt nou? (Tanpri koche youn) ☐ Anplwaye ☐ Pasyan/Zanmi ☐ Jounal ☐ Flayè/Afich/Bwochi ☐ Referans ☐ Konpayi Asirans ☐ Facebook/Rezo Sosyal ☐ Lòt:	
		Anplwa ☐ Tan Plen ☐ Tan Pasyèl ☐ Imigran ☐ Travay Sezonye ☐ Retrèt ☐ Militè Aktif ☐ Travay Endepandan ☐ Pa Anplwaye Non Anplwaye a:			
		Èske ou se yon Veteran (Ansyen Militè) ☐ Wi ☐ Non Okenn Manm Konsèy Administrasyon ☐ Wi ☐ Non Anplwaye HHLI ☐ Wi ☐ Non			

Ras	☐ Endyen Ameriken oubyen Natif Alaska ☐ Endyen Azyatik ☐ Nwa Ameriken oubyen Afwo Ameriken ☐ Chinwa ☐ Filipin	☐ Guamyan oubyen Chamoro ☐ Japonè ☐ Koreyen ☐ Awayen Natif ☐ Lòt Abitan Zile Pasifik	☐ Samoan ☐ Vyetnamyen ☐ Blan ☐ Lòt Ras ☐ Refize Presize	
Kontak An Ijans				
Non Konplè pou Kontak Ijans		Relasyon		
Adrès		Nimewo Telefòn		
Enfòmasyon Paran/Gadyen – Tanpri, ranpli si pasyan an gen mwens pase 18 ane			Pati Responsab	
Non Manman	Dat Nesans / /	Telefon	Adrès	☐
Non Papa Non	Dat Nesans / /	Telefòn	Adrès	☐
Gadyen	Dat Nesans / /	Telefòn	Adrès	☐
Enfòmasyon sou Asirans:				
Non Asirans Prensipal			# Polis	
Non Asire: ☐ Menm jan ak Pasyan			Dat Nesans Moun Ki Gen Asirans lan / /	
Relasyon Pasyan ak Asire a ☐ Tèt ou ☐ Konjwen ☐ Timoun ☐ Lòt:			Founisè Swen Prensipal sou Kat Asirans lan	
Non Asirans Segondè:			# Polis	
Enfòmasyon Famasi a				
Non Famasi a		Telefòn	Adrès	
Founisè Swen Prensipal				
Non PCP		Telefòn	Adrès	
Èske ou gen yon Direktiv Avanse? ☐ Wi ☐ Non			Èske ou gen yon Testaman Vi? ☐ Wi ☐ Non	
Lòt Founisè Swen Sante:				
Non Li Genyen:	Telefòn: Faks:	Espesyalite		
Non Li Genyen:	Telefòn: Faks:	Espesyalite		
Non Li Genyen:	Telefòn: Faks:	Espesyalite		
Mwen dakò otorize Harmony Healthcare LI kontakte mwen konsènan enfòmasyon sante prive mwen, evalyasyon, ak tretman mwen.				
Siyati Pasyan oubyen Reprezantan			Dat	
Mwen verifiye enfòmasyon anwo yo kòrèk selon pi bon konesans mwen.				
Siyati Pasyan oubyen Reprezantan			Dat	

Harmony Healthcare LI, Inc. Fòmilè Konsantman

Konsantman pou Tretman: Mwen otorize Harmony Healthcare LI, Inc. (HHLI) ak manm pèsònèl medikal, swen enfimye ak lòt manm pèsònèl pwofesyonèl yo, pou bay sèvis swen sante sa yo epi administre pwosedi ak tretman dyagnostik ak terapetik kote, selon jijman pèsònèl medikal HHLI a, yo jije nesèsè oswa rekòmande nan swen mwen an. Sa genyen ladan l tout tès dyagnostik ak pwosedi woutin, ki genyen ladan yo radyografi, administrasyon ak/ oswa enjeksyon pwodwi ak medikaman famasetik, ak prelevman san pou egzamen laboratwa. Mwen konprann yo pa t ban m okenn garanti sou rezilta oswa efikasite tretman oswa egzamen manm pèsònèl HHLI a te reyalize a. Tès VIH kounye a fè pati swen woutin epi yo pa egzije pou bay konsantman ekri ankò. Mwen genyen dwa pou m refize tès VIH nenpòt lè. HHLI a ofri sèvis planifikasyon famiyal. Mwen konprann lè mwen aksepte sèvis planifikasyon famiyal yo se pa yon kondisyon pou elijiblite, oswa pou mwen resevwa nenpòt lòt sèvis HHLI a ofri.

Piblikasyon Enfòmasyon: Mwen otorize HHLI pou l itilize ak pibliye enfòmasyon sou sante m pou rezon sa yo: (1) pou bay, fè aranjman oswa pou kowòdone tretman swen sante mwen; (2) pou pèmèt HHLI a jwenn pèman pou sèvis li ban m yo; epi (3) pou pèmèt HHLI reyalize operasyon komèsyal ak operasyon swen sante òdinè tankou asirans kalite, planifikasyon sèvis ak administrasyon jeneral.

Mwen konnen otorizasyon sa a pou itilize ak pou pibliye enfòmasyon yo kapab genyen ladan l enfòmasyon konsènan:

- VIH oswa SIDA
- Alkòl oswa konsomasyon dwòg
- Maladi mantal oswa nenpòt kondisyon sante mantal
- Maladi moun pran nan fè sèks
- Planifikasyon famiyal, gwosès ak avòtman
- Tès jenetik oswa maladi jenetik

Mwen konnen Harmony Healthcare LI, Inc. kapab pataje enfòmasyon yo avèk lòt founisè medikal mwen yo pou tretman medikal oswa avèk yon tyès pati pou pèman finansye pa mwayen elektwonik.

Atribisyon Benefis: Mwen atribiye HHLI tout benefis mwen genyen dwa pou m resevwa nan Medicare, Medicaid, lòt ajans gouvènman yo, konpayi asirans ak lòt tyès pati ki finansyèman responsab pou tretman ak swen medikal HHLI founi

Obligasyon Finansye: Mwen dakò, eksepte jan lalwa oswa akò HHLI yo kapab limite sa avèk peyè tyès pati yo, nan ka yon tyès pati pa peye epi mwen te bay yon atribisyon benefis, mwen genyen obligasyon pou peye tout montan ki dwe pou sèvis yo ofri nan etablisman HHLI yo selon tarif ak kondisyon HHLI ki anvigè nan dat sèvis la. Epitou mwen dakò mwen responsab pou tout ko-pèman, ko-asirans oswa franchiz ki aplikab.

Politik Sou Non-Prezans (No Show Policy) – Avi Enpòtan:

Tanpri sonje ou dwe koutwa ak nou epi ak lòt pasyan yo pandan w ap rele **omwen 4 èdtan anvan** lè randevou w lan pou anile l si ou pa ka vini. Sa pral pèmèt nou sèvi pasyan nou yo pi byen. Pasyan ki rive **plis pase 15 minit anreta** nan randevou yo a pral konsidere sa kòm absan epi yo pral bezwen replanifye randevou yo a. Pou sèvis dantè, pasyan ki rive **plis pase 5 minit anreta** pou randevou yo, y ap konte kòm yon pasyan ki pa vini epi y ap bezwen repwograme randevou a.

Rapò nan Sistèm Enfòmasyon pou Vaksinasyon NYS a: Lamenm mwen otòriz HHLI pou rapòte tout vaksinasyon manm pèsònèl medikal li yo administrem nan Sistèm Enfòmasyon sòu Vaksinasyon Leta New York lan.

Mwen sètifye mwen te li fòmilè sa a epi mwen se pasyan an oswa pasyan an diman otorize m antanke reprezantan legal pasyan an pou siyen fòmilè sa a epi aksepte kondisyon li yo.

Siyati Pasyan oswa Reprezantan an: _____ Dat: _____

Kalite Relasyon ak Pasyan an (si pasyan an pa siyen): _____



Healthix – Otorizasyon Pou Aksè Nan Enfòmasyon Pasyan

Non Pasyan an:	Dat nesans:
Adrès Pasyan an:	

M ap mande aksè enfòmasyon sante konsènan swen mwen jan li endike sou fòmilè sa a. Mwen kapab chwazi si m ap kite yo bay Harmony Healthcare Long Island (ak ajan yo) aksè nan dosye medikal mwen atravè òganizasyon echanj enfòmasyon lasante ki rele Healthix ou pa. Si mwen bay konsantman mwen, y ap ka gen aksè nan dosye medikal mwen ki diferan kote mwen resevwa swen ak yon rezo òdinatè pou tout eta a. Healthix se yon òganizasyon ki pa komèsyal ki pataje enfòmasyon sou sante moun pa mwayen elektwonik pou amelyore kalite swen sante epi li satisfè nòm pwoteksyon vi prive ak sekirite Lwa Sou Responsabilite ak Pòtabilite Asirans Sante (HIPAA), kondisyon lwa federal sou konfidansyalite yo, 42 CFR Pati 2 ak Lwa Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite sitwèb Healthix ki se www.healthix.org.

Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PAP afekte si mwen ka jwenn swen medikal ou pa. Chwa mwen fè nan fòmilè sa a PAP kite konpayi ki bay asirans sante yo jwenn aksè nan enfòmasyon mwen pou yo ka decide si ya p banm pwoteksyon asirans sante oswa si y ap peye fakti medikal mwen.

Konsantman Mwen Chwazi Bay. M ap chwazi YON tikare sou lamèn goch pou fè chwa mwen. Mwen ka ranpli fòmilè sa a kounye a oswa yon lòt lè. Epi tou mwen ka ranpli yon nouvo fòmilè pou chanje desizyon mwen nenpòt lè.	
☐	1. MWEN BAY KONSANTMAN pou Harmony Healthcare Long Island gen aksè nan TOUT enfòmasyon medikal elektwonik mwen atravè Healthix pou bay swen sante.
☐	2. MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN pou Harmony Healthcare Long Island gen aksè nan enfòmasyon medikal elektwonik mwen atravè Healthix pou nenpòt rezon.

Si mwen vle refize bay konsantman pou tout Òganizasyon Ki Bay Swen Sante ak Plan Sante k ap patisipe nan Healthix yo gen aksè nan enfòmasyon sante elektwonik mwen atravè Healthix, mwen ka vizite sitwèb Healthix la nan www.healthix.org oswa rele Healthix nan 877-695-4749 pou fè sa.

Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòmilè sa a epi yo te ban mwen yon kopi fòmilè sa a.

Siyati Pasyan an ou Reprèzantan Legal Pasyan an:	Dat:
Ekri Non Reprèzantan Legal la (si genyen youn) al lèt yo detache:	Relasyon Reprèzantan Legal la ak Pasyan an (si genyen youn):

Detay sou enfòmasyon yo aksede atravè Healthix ak pwosesis pou konsantman an:

1. **Kijan Yo Ka Itilize Enfòmasyon Ou.** Y ap itilize enfòmasyon sante elektwonik ou sèlman pou sèvis swen sante sa yo:
 - Sèvis Tretman.** Ba ou tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak tretman an.
 - Verifye Si Ou Kalifye Pou Asirans.** Gade pou wè si w gen asirans sante ak kisa li kouvri.
 - Aktivite Pou Jesyon Swen.** Aktivite sa yo gen ladan yo ede ou jwenn swen medikal ki apwopriye, amelyore kalite sèvis y ap ba ou, kowòdone jan yo ba ou plizyè sèvis swen sante w ap resevwa, oswa ede ou swiv yon plan swen sante.
 - Aktivite Pou Amelyore Kalite.** Evalye epi amelyore kalite swen medikal nou ba ou menm ak tout pasyan.
2. **Kalite Enfòmasyon Sou Ou Ki Ladan.** Si w bay konsantman ou, Òganizasyon (yo) Ki Bay Swen Sante nan lis la kapab gen aksè nan TOUT enfòmasyon medikal elektwonik ou ki disponib atravè Healthix. Sa gen ladan enfòmasyon ki te kreye avan ak apre dat ou te siyen fòmilè sa a. Dosye medikal ou kapab gen maladi ou soufri oswa chòk ou te pran (tankou dyabèt oswa yon zo ki te kase), rezilta egzamen yo (pa egzanp radyografi oswa tès san), ak yon lis medikaman ou te pran. Enfòmasyon sa a kapab genyen kondisyon sante ki sansib. Men kèk bagay ki kapab ladan:

• Pwoblèm bwè tafia • Kontrasepsyon ak avòtman (planin familial) • Maladi Jenetik (ki eritye) oswa tès • VIH/SIDA • Kondisyon sante mantal	• Maladi yo transmèt nan fè sèks • Medikaman ak Dòz yo • Enfòmasyon sou Dyagnostik • Alèji • Detay sou abi Dwòg • Nòt Klinik	• Detay Egzeyat • Enfòmasyon sou Travay • Jan w ap Viv • Sipò Sosyal • Done sou Reklamasyon • Tès Laboratwa
--	---	--
3. **Kote Enfòmasyon Sou Sante Ou Soti.** Enfòmasyon sou ou soti kote ki te ba w swen medikal oswa asirans sante. Kote sa yo kapab lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, konpayi ki bay asirans sante, pwogram Medicaid la, ak lòt òganizasyon ki echanje enfòmasyon pa mwayen elektwonik. Gen yon lis konplè ak ajou ki disponib nan Healthix. Pou jwenn yon lis ki ajou nenpòt lè, gade sou sitwèb Healthix la ki se www.healthix.org oswa rele 877-695-4749.
4. **Kiyès Ki Ka Aksede Enfòmasyon Sou Ou, Si Ou Bay Konsantman.** Se sèlman doktè ak lòt ekip k ap travay nan Òganizasyon (yo) ou te bay konsantman pou gen aksè pou egzekite aktivite fòmilè sa a pèmèt jan li dekri pi wo a nan paragraf nimewo en (1).
5. **Aksè Pou Òganizasyon Sante Piblik Ak Òganizasyon Ki Resevwa Ògàn.** Ajans sante piblik federal, eta oswa lokal ansanm ak sèten òganizasyon ki resevwa ògàn gen otorizasyon devan lalwa pou jwenn aksè nan enfòmasyon sante yon pasyan san pasyan sa a pa te bay konsantman pou sèten rezon sante piblik ak grèf ògàn. Enstitisyon sa yo kapab aksede enfòmasyon atravè Healthix pou rezon sa yo kit ou bay konsantman ou pa, refize bay konsantman oswa refize ranpli yon fòmilè konsantman.
6. **Penalite Pou Lè Yo Aksede Oswa Itilize Enfòmasyon Ou Yon Fason Ki Pa Apwopriye.** Gen penalite pou lè yo aksede oswa itilize enfòmasyon sante elektwonik ou yon fason ki pa apwopriye. Si nenpòt lè ou sospèk gen yon moun ki pa te dwe wè oswa gen aksè nan enfòmasyon ou ki fè sa, rele Harmony Healthcare Long Island a nan: 516-296-3742; oswa vizite sitwèb Healthix la : www.healthix.org; oswa rele Depatman Sante Eta New York nan 518-474-4987; oswa swiv etap pou depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil federal la nana lyen sa a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>.
7. **Kijan Yo Ka Divilge Enfòmasyon ankò.** Nenpòt Òganizasyon ou te bay konsantman pou gen aksè nan enfòmasyon medikal ou kapab divilge ankò enfòmasyon sou sante ou, men sèlman nan mezi lalwa ak regleman eta ak federal pèmèt sa. Yo kapab sèlman gen aksè epi sèlman divilge ankò enfòmasyon ki gen pou wè ak tretman pou alkòl/dwòg oswa enfòmasyon konfidansyèl ki gen pou wè ak VIH si li akonpanye ak deklarasyon sou entèdiksyon pou divilge li ankò.
8. **Peryòd Fòm Konsantman An Ap Aktif.** Fòm konsantman sa a ap rete aktif jiska jou ou chanje konsantman ou chwazi bay la, jiskaske ou mouri oswa jiskaske Healthix sispann opere. Si Healthix ta fin fè pati yon lòt Òganizasyon, chwa ou fè nan konsantman an p rete aktif nan nouvo òganizasyon li vin fizyone ak li a.
9. **Jan Pou Chanje Konsantman Ou.** Ou ka chanje konsantman ou bay la nenpòt lè pou nenpòt Òganizasyon Ki Bay Swen Sante oswa Plan Sante. Pou fè sa soumèt yon nouvo fòm ak nouvo chwa ou a. Òganizasyon ki gen aksè nan enfòmasyon sou sante w atravè Healthix pandan konsantman w lan aktif kapab kopye oswa mete enfòmasyon ou sou pwòp dosye medikal yo. Menm si pita ou ta deside chanje desizyon w pou bay konsantman yo pa oblije retounen enfòmasyon ou oswa retire li sou dosye yo.
10. **Kopi Fòmilè a.** Ou gen dwa resevwa yon kopi Fòmilè Konsantman sa a.

PASYAN DAKO RESEVWA AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE
POU PWOTEJE ENFOMASYON SOU SANTE

Mete Pasyan Okouran sou Pratik Konfidansyalite: Mwen rekonèt ke yo te bay mwen yon kopi Harmony Healthcare Long Island, Inc. (HHLI) Avi sou Pratik Konfidansyalite, ki dekri kijan enfòmasyon sou sante mwen ka itilize ak divilge pa HHLI ak kijan mwen ka jwenn aksè ak kontwòl itilizasyon an ak divilgasyon enfòmasyon sa a.

Siyati Pasyan oswa Reprezantan: _____ Dat: _____

Non reprezantan pèsone l la: _____
(Enprime) (Si li aplikab)

Relasyon ak Pasyan an: _____
(Si li aplikab)



← Pou wè Avi sou Konfidansyalite nou an anvan ou siyen, tanpri eskane kòd QR la. Ou ka jwenn yon kopi enprime tou siw mande.

Kòd Kondwit pou Pasyan

Harmony Healthcare Long Island (HHLI) kwè nan trete moun avèk diyite, respè epi koutwazi.

Objektif nou se ede yo pou yo kapab an sante.

Pou sa fèt, nou bezwen genyen yon espas ki sekirize pou tout pasyan, kliyan, fanmi, ak manm pèsònèl yo.

Antanke pasyan, mwen konprann HHLI ap konte sou mwen pou m:

1. Respekte epi pran an konsiderasyon lòt pasyan yo, manm pèsònèl, ak tout lòt moun nan sant sante a oswa anndan pwopriyete HHLI a.
2. Respekte epi pran an konsiderasyon pwopriyete HHLI ak pwopriyete lòt moun.
3. Bay enfòmasyon ki konplè epi ki kòrèk konsènan sante m. Sa gen arevwa ak pwoblèm sante mwen genyen kounye a ak pwoblèm sante mwen te genyen anvan, medikaman m ap pran, lè mwen te nan lopital la, ak tout lòt sijè ki gen pou wè ak sante m.
4. Bay enfòmasyon ki kòrèk konsènan asirans sante m oswa lòt enfòmasyon ki gen rapò ak peman pou swen mwen.
5. Si w genyen nenpòt kesyon konsènan swen an oswa ou pa kontan avèk sèvis ou te resevwa nan biwo nou an, tanpri kontakte administratè nou an anvan ou kite biwo nou an pou nou ka jere tout klarifikasyon konsènan swen ou a oswa sèvis ou te resevwa yo.
6. Tanpri kominike tout pwoblèm ou ta swete diskite avèk doktè a nan moman w ap pwograme randevou a, pou yo ka prevwa yon kantite tan ki apwopriye. Si w pa fè sa alavans, yon lòt vizit kapab nesesè pou doktè a ka bay tout pasyan yo tan ak kalite swen yo merite.
7. Si w gen kesyon konsènan faktirasyon HHLI a, ou kapab kontakte depatman faktirasyon an nan: 516-296-2700 Opsyon 1, Bwat Lapòs #60998
8. Tanpri fè prèv koutwazi nan itilizasyon telefòn selilè w ak lòt aparèy eletwonik yo. Lè w ap diskite avèk nenpòt nan manm pèsònèl nou yo, tanpri elwaye aparèy ou yo. Pwograme sonri a pou l ka vibre anvan ou depoze aparèy la. Pa anrejistre okenn pati nan vizit ou nan sant sante a san pèmasyon manm pèsònèl la ak lòt pasyan ki kapab anrejistre yo.
9. Granmoun yo sipoze sipèvizite pitit yo.

Konpòtman sa yo pa akseptab:

- Joure oswa sèman
- Itilize langaj oswa konpòtman ki menasan oswa ki seksyèlman pa apwopriye
- Entimide oswa fè asèlman sou manm pèsònèl oswa lòt pasyan yo
- Fè menas vyolans oswa nwizans atravè apèl telefònik, lèt, mesaj vokal, imèl oswa lòt fòm kominikasyon ekri, vèbal, oswa elektwonik
- Agresyon fizik oswa menas pou andonmaje kò moun
- Andonmaje ekipman oswa pwopriyete biznis la
- Fè jès, remak menasan oswa ki deplase
- Fè ensilt rasyal oswa kiltirèl
- Posede zamafe oswa nenpòt zam
- Konsome alkòl oswa dwòg nan sant sante a oswa anndan pwopriyete HHLI a
- Fimen nan sant sante a oswa toupre sant sante a oswa anndan pwopriyete HHLI a
- Volè nan sant lan, volè manm pèsònèl, oswa lòt pasyan
- Piblikasyon menasan oswa ki pa apwopriye sou rezon sosyo konsènan HHLI oswa manm pèsònèl li yo.



Nou atann pou tout pasyan yo swiv Kòd Kondwit nou an. HHLI pral aplike Kòd Kondwit sa a. Nou kapab mande pou w pa vini nan sant sante nou an si w pa swiv li.

Mwen te resevwa Kòd Konduit Pasyan an. Mwen konprann responsablite mwen pou swiv Kòd Konduit Pasyan an.

Siyati pasyan

Non pasyan an lèt detache

Dat

Siyati Temwen

Non Temwen an lèt detache

Dat

Detèminasyon Elijibilite pou Rabè Sou Frè Eskolarite

Se politik Harmony Healthcare Long Island, Inc. (HHLI) pou founi sèvis esansyèl bay tout pasyan yo kèlkeswa kapasite pasyan pou peye. Rabè yo ap fikse pa Konsèy Administrasyon konsomatè HHLI yo epi y ap ofri yo baze sou enfòmasyon ou founi ki konsène gwosè ak revni fanmi ou. Si ou elijib pou yon rabè frè mobil, sa pral aplike pou tout sèvis ki resevwa nan HHLI, men pa pou sèvis sa yo ki founi andeyò Sant Sante a.

Tanpri, ranpli enfòmasyon swivan yo, menm si ou gen asirans.

Revni Fwaye Avan Taks

MANM FWAYE A	NIMEWO	Tanpri, ranpli yon Seksyon Revni Anba a			
		REVNI CHAK SEMÈN	REVNI CHAK DE SEMÈN	REVNI CHAK MWA	REVNI CHAK ANE
Tèt ou Non:					
Konjwen					
Timoun Depandan					
Lòt Depandan					
Total					

- ☐ Mwen ap refize bay enfòmasyon sou revni mwen an ak gwosè fanmi mwen epi mwen dakò peye frè HHLI konplè a.

PRÈV REVNI AKSEPTAB LA OBLIGATWA POU PWOGRAM RABÈ FRÈ MOBIL LA. SI SITIYASYON FINANSYÈL OU CHANJE, TANPRI KENBE HHLI ENFÒME.

- ☐ Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ki endike anwo yo vrè, egzak ak kòrèk. Mwen konprann ke si HHLI detèmine ke enfòmasyon yo mal reprezante oubyen falsifye, mwen p ap resevwa ankò rabè yo epi yo kapab mande mwen pou ranbouse rabè yo
- ☐ Mwen dakò prezante dokimantasyon revni mwen nan pwochen vizit mwen an.

Non (an lèt detache) _____ Siyati: _____

Temwen: _____ Dat: _____

Pèsonèl pou ranpli enfòmasyon anba

- | | | | |
|--|----------|-----------|------------------------|
| 1. Elijib pou Rabè Frè Mobil la: | Wi _____ | Non _____ | Pasyan te Refize _____ |
| 2. Si wi, prè akseptab revni ki founi an: | Wi _____ | Non _____ | Pasyan te Refize _____ |
| 3. Si ou asire, kat asirans sante ki founi yo: | Wi _____ | Non _____ | Pa aplikab _____ |
| 4. Pasyan pa rapòte okenn revni | Wi _____ | | |
| 5. Pasyan pa an mezi pou jwenn prè nan men yon anplwayè (Sa gen ladan l revni ki peye an kach/non kontabilize) | Wi _____ | | |

Si wi, pou swa kesyon 4 oubyen 5, tanpri ranpli Fòmilè Oto-Atestasyon Atache a

Kòd Echèl Mobil Planifikasyon Familyal (SS1- SS5 oubyen N/A) _____

Elijibilite HHLI pou Rabè Frè Mobil yo

516-296-3742

www.harmonyhealthcareli.org



OTORIZASYON POU DIVILGASYON ENFÒMASYON MEDIKAL YON JAN KONFÒM AVÈK LALWA HIPAA

HIPAA pwoteje vi prive ak sekirite enfòmasyon medikal sou pasyan sou alafwa fòm ekri ak elektwonik epi etabli garanti ke founisè swen medikal yo dwe aplike pou pwoteje enfòmasyon sa yo. Li regile tou ke enfòmasyon medikal yo kapab transmèt bay lòt founisè yo ak konpayi asirans medikal yo. Fòmilè Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon Sante a, lè ou siyen l, pèmèt nou mande yon kopi dosye medikal ou te genyen avan yo nan lòt biwo medikal, moun espesifik, oswa òganizasyon, dapre detay ki endike sou fòmilè a.

Tanpri revize Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon Sante nan pwochèn paj la epi ranpli seksyon ki apwopriye yo.

516-296-3742

www.harmonyhealthcareli.org

Otorizasyon pou diskite sou enfòmasyon sante 9 (b). ☐ Nan inisyalizasyon isit la _____ mwen otorize _____ (Non founisè swen sante endividyèl la) diskite sou enfòmasyon sante mwen ak _____ _____ Relasyon ak pasyan: _____	
10. Rezon pou divilge enfòmasyon: ☐ Sou demann moun nan ☐ Lòt: _____	11. Dat oswa evènman kote otorizasyon sa a pral ekspire:
12. Si se pa pasyan an, non moun k ap siyen:	13. Otorite pou siyen nan non pasyan an:

Tout atik sou fòm sa a te ranpli epi kesyon mwen yo te reponn sou fòm sa a. Anplis de sa, yo te ban mwen yon kopi fòm nan.

 Siyati Pasyan oswa Reprezantan Lalwa Otorize.

 Dat:

*** Viris Iminodefisyans Imèn ki lakòz SIDA. Lwa Sante Piblik Eta New York la pwoteje enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun ki gen sentòm oswa enfeksyon VIH ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.**

Deklarasyon Dwa Pasyan pou Sant Dyagnostik ak Trètman (Klinik)

Antanke yon pasyan nan yon Klinik nan Eta New York, ou gen dwa, dapre lalwa, pou:

- (1) Resevwa sèvis san yo pa gade laj, ras, koulè, oryantasyon seksyèl, relijyon, eta sivil, sèks, idantite seksyèl, peyi kote w soti oswa sous pèman.
- (2) Resevwa trètman avèk konsiderasyon, respè, ak diyite epi konfidansyalite nan trètman;
- (3) Jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan sant lan;
- (4) Resevwa tout enfòmasyon sou dispozisyon pou kouvèti asirans ijans andeyò lè travay;
- (5) Enfòmasyon epi resevwa yon estimasyon frè pou sèvis yo, gade yon lis plan sante ak lis lopital sant lan abitye kolabore; kalifikasyon pou ranbousman twazyèm pati, epi, lè sa aplikab, disponibilite swen gratis oswa pri redwi
- (6) Resevwa yon bòdwo detaye de kont li, si li mande sa;
- (7) Jwenn nan men pwofesyonèl swen sante l la, ranplasan pwofesyonèl swen sante l la enfòmasyon konplè ak aktyèl konsènan dyagnostik li, trètman ak pwonostik nan tèm yo espere pasyan an kapab konprann yon fason rezonab;
- (8) Resevwa nan men doktè a enfòmasyon ki nesesè pou bay konsantman eklere anvan kòmansman nenpòt pwosedi ki pa ijans oswa trètman oswa toude. Yon konsantman eklere dwe gen ladan l, kòm yon minimòm, enfòmasyon sou pwosedi espesifik oswa trètman espesifik oswa toude, ris moun kapab prevwa ki enplike, ak altènatif pou swen oswa trètman, si genyen, kòm yon pwofesyonèl medikal rezonab nan yon sikonstans konsa tap revele nan yon fason ki pèmèt pasyan an pran yon desizyon eklere.
- (9) Refize tretman nan limit lalwa pèmèt sa epi jwenn tout enfòmasyon konsènan konsekans medikal sa kapab genyen;
- (10) Refize patisipe nan rechèch eksperymanal;
- (11) Pote plent epi rekòmande chanjman nan politik ak sèvis yo bay anplwaye sant lan, operatè a ak New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York) san w pa pè reprezay.
- (12) Eksprime plent sou swen ak sèvis yo bay epi fè sant lan mennen ankèt sou plent sa yo. Sant lan responsab pou bay pasyan an oswa moun li deziyen an yon repons alekri ki endike rezilta ankèt la nan espas 30 jou si pasyan an mande sa. Sant lan responsab tou pou fè pasyan an oswa moun li deziyen an konnen si repons sant lan pa satisfè pasyan an, li ka pote plent bay New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York);
- (13) Respekte entimite pasyan an ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante pasyan an.
- (14) Apwouve oswa refize divilge sa ki nan dosye medikal li bay nenpòt pwofesyonèl swen sante ak/oswa etablisman swen sante eksepte jan lalwa oswa kontra pèman twazyèm pati egzije l;
- (15) Aksè nan dosye medikal li yo dapre Seksyon 18 Public Health Law (Lwa sou Sante Piblik), ak Sou-seksyon 50-3 Pou plis enfòmasyon ale nan: http://www.health.ny.gov/publications/1449/section_1.htm#access
- (16) Otorize manm fanmi w yo ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizitè; epi
- (17) Si sa aplikab, fè konnen volonte ou pa rapò ak kado anatomik. Moun ki gen sèzan oswa plis kapab dokimante konsantman yo pou fè don ògan yo, je yo ak / oswa tisi, nan moman lanmo yo, nan enskri nan Rejis Donate Vi NYS oswa yo kapab dokimante otorizasyon yo pou don ògan ak / oswa tisi alekri nan nan plizye fason (tankou deziyen yon responsab swen sante, volonte, kat donatè, oswa lòt papye ki siyen). Prokurasyon swen sante a disponib nan sant lan.
- (18) Gade yon lis plan sante ak ki lopital sant lan abitye kolabore;
- (19) Resevwa yon estimasyon sou ki kantite lajan ki pwal faktire apre ou finn resevwa sèvis.



Department
of Health